



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE NEVYÈM PWOPOSIZYON SOU DIKSOU ETA LETA 2020 AN: LI AP REPRIME DETAYAN YO KI VANN SIGARÈT ILEGAL YO

Detayan yo Ki Achte Sigarèt nan Lòt Eta yo epi ki Vann yo Ilegalman nan New York Ta Pral Fè Fas ak Konsekans Anplis Gen Ladan Posibilite pou Fèmti

Pwopozisyon an Ta Pral Ranfòse Penalite ak Kontravansyon yo pou Detayan Ki Vann Pwodwi Tabak bay Moun ki Gen Laj pi Piti Pase 21 Ane

Pwopozisyon an Fonde sou Mezi Agresif Gouvènè a pou Pwoteje Nouyòkè yo anba Danje Fimen

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a nevyèm pwopozisyon ajanda Diskou Eta Leta 2020 li an - li ap reprime detayan yo ki vann ilegalman sigarèt san taks ak lòt pwodwi tabak yo nan Eta New York. Anba pwopozisyon Gouvènè a, detayan yo ki achte sigarèt san taks yo nan lòt Eta yo oswa lòt sous yo epi vann yo ilegalman nan New York ta pral fè fas ak fèmti posib. Gouvènè a ap pwopoze ranfòse penalite ak kontravansyon yo pou detayan yo ki vann pwodwi tabak bay moun ki gen pi piti pase 21 ane.

"Trafike sigarèt san taks yo epi vann tabak bay moun ki minè yo pa jis san etik - li ilegal tout", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sigarèt pran plizyè miliye lavi chak ane, epi nou pa pral fèmen je nou sou detayan yo ki delibereman meprize lalwa jis pou fè yon dola anplis odetriman sante Nouyòkè yo. Avèk pwopozisyon sa a, biznis san eskripil yo pral fè fas ak kontravansyon plis sevè oswa fèmti olye de jis yon tap sou men yo."

Youn nan pwodwi derive to taksasyon agresif ki aplike sou sigarèt yo nan Vil New York - aktyèlman dezyèm to pi wo nan nasyon an - se motivasyon kontini pou detayan ilegal sa yo echape anba taks sa yo nan vyole lalwa. Kèk detayan san eskripil yo pèsiste nan trafike sigarèt san taks ki bon mache yo, yon pratik ki non sèlman minen efò yo pou redwi fimèn, men tou prive Eta a revni esansyèl pou itilizasyon nan inisyativ aplikasyon ak sante piblik yo. Li plase tou detayan ki respekte lalwa yo nan yon dezavantaj konpetitif siyifikatif, pandan ke li rann li difisil pou lokalite yo ak Eta a regile pri pwodwi sa yo nan objektif pou dekouraje moun achte nan yo.

Anba pwopozisyon Gouvènè a, detayan endividyèl yo jwenn ki posede pwodwi san taks sa yo ta pral fè fas ak konsekans yo gen ladan posibilite pou yo egzije yo fèmen biznis yo a. Vyolasyon yo ta pral anjandre tou revokasyon lisans kowolè yo tankou lavant lotri oswa likè, diven, oswa byè an detay.

Aktyèlman, yo responsabilize Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) Eta a pou bay kontravansyon ak detayan yo ki vann sigarèt san taks ilegalman yo. Sepandan, anpil nan detayan san eskripil sa yo senpleman konsidere kontravansyon yo kòm yon depans nan fè biznis epi yo pa chanje konpòtman yo a. Anba pwopozisyon Gouvènè a, yo ta pral responsabilize Depatman Taksasyon ak Finans lan pou fèmen detayan kontrevenan yo ansanm nan revoke otorite yo a pou kolekte lavant detay ak lòt taks yo nan men konsomatè yo, yon egzijans nesèsè pou fè fonksyone yon biznis detay nan New York.

An Novanm 2019, yo te ogmante laj legal pou achte pwodwi tabak ak sigarèt elektwonik yo ak 21 ane, pou dekouraje anplis jenès la aksede ak tabak. Aktyèlman, kontravansyon minimòm pou vann pwodwi tabak bay moun ki gen mwens pase laj 21 ane se 300 dola. Anba pwopozisyon Gouvènè a, kontravansyon minimòm sa a ta pral ogmante nan 1,000 dola epi detayan yo ki gen kontravansyon repete yo ta pral nan pozisyon pou pèdi anrejistreman yo a pou yon ane olye de sis mwa. Enstriksyon Gouvènè a, Depatman Taksasyon ak Finans Eta a te deja triple kantite enspeksyon regilatwa sou detayan ki otorize pou vann pwodwi tabak yo.

Gouvènè Cuomo te pran mezi san presedan pou asire ke sante ak sekirite tout Nouyòkè yo nan konbat itilizasyon pwodwi tabak ak nikotin ki danjere yo. An 2017, Gouvènè Cuomo te elaji Lwa Lè Pwòp Anndan an (Clean Indoor Air Act) pou entèdi itilizasyon sigarèt elektwonik nan prèske tout espas travay pou pwoteje anplwaye ak piblik lan kont lafimen tabak lòt moun ak ayewosòl sigarèt elektwonik yo ki danjere yo. An 2019, yo te egzije detayan yo anrejistre nan Depatman Taksasyon ak Finans (DTF) lan ak yon lavant sou taks 20% sou likid elektwonik yo ki pral antre an vigè premye Janvye.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)